

# HIPAA - AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE CHI

## DEKLARASYON SOU AVI KONFIDANSYALITE PASYAN AVÈTISMAN SA A DEKRI KI FASON YO KA ITILIZE AK LAGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI EGZAMINE ENFÒMASYON AN AK ANPIL ATANSYON.

(Dat li kòmanse: 14 avril 2003)

- Nou ka divilge enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou ba lòt pwofesyonèl swen sante ki nan ekip Community Health of South Florida, lòt pwofesyonèl swen sante sou referans, ak lòt enstitisyon ki konsène nan dispozisyon sa yo konsènan pwoteksyon enfòmasyon prive pou nou ba ou bon kalite swen sante.
- Nou ka divilge enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou ba konpayi asirans ou pou Community Health of South Florida kapab resevwa peman pou ba ou sèvis swen sante ki nesèsè yo.
- Nou ka divilge enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou anrapò avèk operasyon swen sante Community Health of South Florida pou ajoute evalyasyon entèn kalite sèvis nou ba ou yo, epitou pou pèmèt ajans deyò yo revize, sètifye oswa lisansye sèvis swen sante nou ba ou yo.
- Nou ka divilge enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou ba ofisyèl piblik oswa ofisyèl lapolis sizoka gen yon ankèt k ap fèt kote ou se yon moun ki viktim abi, yon krim oswa vyolans nan kay.
- Nou ka divilge enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou ba lòt pwofesyonèl swen sante sizoka ou bezwen swen ijans.
- Yo ka pataje enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou ak òganizasyon sante piblik oswa òganizasyon federal sizoka ta gen yon maladi kontajye oswa pou siyale yon aparèy ki gen defo oswa evènman ki pa apwopriye ak yon pwodui biyolojik (manje oswa medikaman).
- Yo ka pataje enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou sèlman apre yo fin resevwa otorizasyon alekri nan men ou. Ou gen dwa pou ou mete restriksyon nan pataje enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou. Sepandan, Community Health of South Florida ka chwazi pou refize demann restriksyon ou si li an konfli ak ba ou bon kalite swen sante oswa sizoka gen yon sityasyon ijan.
- Ou ka anile pèmisyon pou pataje enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou nenpòt ki lè. Ou dwe fè demann lan alekri, epitou li dwe gen yon dat li anvigè ak yon lis sèten enfòmasyon nou pa dwe divilge. Community Health of South Florida PA gen obligasyon pou dakò avèk demann ou.
- Community Health of South Florida ka kontakte ou nan mesaj nan telefòn, tèks oswa imèl pou fè ou sonje nenpòt randevou, chwa tretman swen sante oswa lòt sèvis sante ki ka enterese ou.
- Community Health of South Florida ka kontakte ou pou aktivite ranmasaj lajan pou sipòte operasyon òganizasyon an.
- Ou gen dwa pou w resevwa mesaj konfidansyèl sou eta sante ou.
- Nan sistèm faktirasyon Community Health of South Florida, tout manm fanmi imedya yo ap resevwa bòdwo anba yon nimewo kont prensipal. W ap resevwa yon sèl deklarasyon bòdwo chak mwa pou tout fanmi an ('Faktirasyon Fanmi'). Depatman anrejistremant Community Health of South Florida ka kreye yon kont apa pou chak manm ki nan fanmi an sou demann pasyan an alekri.
- Ou gen dwa pou revize ak fè kopi nenpòt/tout pòsyon enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou. Community Health of South Florida gen dwa pou fè ou peye yon frè rezonab pou fotokopi enfòmasyon sa yo.
- Ou gen dwa pou mande chanjman nan enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou. Demann ou an dwe fèt alekri, epi li dwe esplikasyon rezon ki fè enfòmasyon an dwe modifiye a. Community Health of South Florida kapab ba ou refi pou chanjman ou mande a epi si sa fèt, nou kapab ba ou yon eksplikasyon alekri pou refi a.
- Ou gen dwa pou w konnen kiyès ki te aksede ak enfòmasyon pwoteje sou swen sante ou epi pou ki rezon. Demann divilgasyon ou fè bay ofisyèl ki responsab pou pwoteksyon vi prive a ki nan lis anba a sou moun ki te gen aksè nan enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou yo dwe fèt alekri.
- Ou gen dwa pou posede yon kopi Avi Pwoteksyon Enfòmasyon Prive si ou fè demann lan. Kopi sa a kapab sou fòm yon transmisyon elektwonik oswa sou papye.
- Nou pa ka divilge enfòmasyon konfidansyèl sou swen sante ou pou nenpòt lòt rezon ki pa rezon ki idantifye nan avi sa a.
- Community Health of South Florida gen obligasyon dapre lalwa pou pwoteje enfòmasyon prive pasyan li yo. L ap kenbe konfidansyèl nenpòt ak tout enfòmasyon sou swen sante pasyan yo, epi l ap bay pasyan yo yon lis responsablite oswa pratik ki pwoteje enfòmasyon pwoteje sou swen sante yo.
- Community Health of South Florida ap respekte kondisyon avi sa a, epi li gen dwa pou fè chanjman nan avi sa a epitou pou kontinye kenbe tout enfòmasyon sou swen sante ou konfidansyèl. Pasyan yo ap resevwa yon kopi nenpòt chanjman nan avi sa a nan pwochen vizit yo nan Community Health of South Florida.

- Ou gen dwa pou pote plent ba Community Health of South Florida si ou kwè nou te vyole dwa ou pou enfòmasyon prive. Si ou santi nou te vyole dwa konfidansyalite ou yo, tanpri voye plent ekri ou nan adrès:

**Asistan Vis Prezidan Jesyon Risk ak Ofisye Konfòmite/Konfidansyalite**

Community Health of South Florida, Inc - 10300 SW 216th Street Miami, FL 33190

Yo pral mennen ankèt sou tout plent yo. Nou p ap sòlve okenn pwoblèm pèsònèl poutèt ou fè yon plent.

Pou jwenn lòt enfòmasyon sou Avi Pwoteksyon Enfòmasyon Prive sa a, tanpri kontakte:

Responsab Pwoteksyon Vi Prive

**Community Health of South Florida**

**Telefòn: (305) 252-4874 Faks: (786) 245-2775 Email: [jdreyes@chisouthfl.org](mailto:jdreyes@chisouthfl.org)**

Avi sa a an vigè nan dat ki enprime nan tèt dokiman sa a. Dat la pa dwe avan dat yo enprime oswa pibliye avètisman sa a. Community Health of South Florida, Inc. se yon Sant Sante Kalifye federalman ki rekonèt pa Komisyon Konjwen an .